

ACTIVATING MIAMI

COMMUNITIES DURING COVID-19

Vandredi, 29 Me, 2020 sou Zoom ak Facebook Live. [Pou wè anrejistreman videyo a klike isit la .](#)

Byenvini ak Entwodiksyon

Ekip Fasilitasyon Patenarya yo nan Sante Irben

- Jesse Cosme, Kowòdonatè Fòmasyon ak Sansibilizasyon Kominotè, jesse@urbanhp.org
- Arely Lozano Cantu, Manadjè Pwogram Sante ak Devlopman Kominotè, arely@urbanhp.org
- Cecilia Stewart, Aktive Lyezon Kominotè Overtown, cecilia@urbanhp.org

Prezantasyon Patnè yo

New Florida Majority, Community Justice Project, Overtown Youth Center, Healthy Little Havana , The Village of Allapattah YMCA, ak Urban Health Partnerships

New Florida Majority

Sante Piblik - COVID 19 Mezi Prevansyon:

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
- Evite kontak sere avèk moun ki malad.
- Kenbe distans 6+ pye ant ou menm ak lòt moun deyò lakay ou.
- Kouvri bouch ou ak nen w alantou lòt moun.
- Kouvri tous ak estène.
- Netwaye ak dezenfekte nan kay la.
- Siveye Sante w, sitou si w ap pran swen yon moun ki malad.
- Itilize mach eskalye yo olye de asansè lè w kapab.
- Resevwa kourye yo nan moman ki pik.
- Evite manyen sifas yo sof si sa nesesè.

Jistis Klimatik - Sezon Siklòn nan epòk COVID-19 la:

Sezon siklòn ap vini. Genyen 70% chans ke omwen yon gwo siklòn ap frape kòt lès la. Eske ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan Kowonaviris la? Tanpri rele 1-888-600-5762.

Entèpretasyon disponib nan lang Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen.

ACTIVATING MIAMI COMMUNITIES DURING COVID-19

<p>Sant Operasyon Ijans Kominotè a louvri poude nou ak pandemi Coronavirus la.</p> <hr/> <p> ILIY DIRÈK ENFÒMASYON: Si nou gen kesyon oswa enkyetid konsènan Coronavirus la? Tanpri rele 1-888-600-5762. N ap jwenn entèpretasyon an Panyòl ak Kreyòl.</p> <p> NOU BEZWEN VOLONTÈ: Nou pral telefone pititè rezidan granmoun aje nou yo, pou nou asire nou ke yo prepare e si tout fwa yo ka nan bezwen pou nenpòt ki asistans. Si ou ta renmen sèvi kòm volontè pou ede nou fè apèl yo, tanpri imèl nou nan miamiclimatalliance@gmail.com</p> <p>SANT OPERASYON IJANS KOMINOTÈ "Wèzajaj ou se premye sekouris ou"</p>	<p>El Centro Comunitario de Operaciones de Emergencia ha sido activado para ayudar con el Coronavirus.</p> <hr/> <p> LÍNEA DE INFORMACIÓN: ¿Preguntas o inquietudes sobre el Coronavirus? Por favor llame al 1-888-600-5762. Interpretación disponible en español y criollo.</p> <p> SE NECESITAN VOLUNTARIOS: Llamaremos a nuestros residentes mayores para asegurarnos de que estén preparados y saber si necesitan ayuda. Si desea ser voluntario para hacer llamadas, por favor envíe un correo electrónico a miamiclimatalliance@gmail.com</p> <p>CENTRO COMUNITARIO DE OPERACIONES DE EMERGENCIA "Su vecino es su primer apoyo"</p>
--	---

Antre nan Gwoup Travay sou Rezistans Dezaz:

Chak lòt Jedi. Pwochen konvokasyon: 4 Jen, 2020, soti 4:00 p.m. - 5:00 p.m.

Antre nan Gwoup Travay sou Enèji Pwòp:

Chak lòt Madi, 2 Jen, 2020, soti 5:30 p.m. - 6:30 p.m. Si ou ta renmen yo ajoute w nan lis
envitasyon Gwoup Travay la, tanpri imèl miamiclimatalliance@gmail.com.

Kontakte New Florida Majority:

Telefòn: (305) 754-0118

Imèl: info@newfloridamajority.org

Sitwèb: newfloridamajority.org

Facebook: New Florida Majority | Twitter: @NewFLMajority | Instagram: @NewFLMajority

Pwojè Jistis Kominotè

Sipò Jiridik pou Lojman:

CJP, ak lòt òganizasyon, òganize apèl pa semèn chak mèkredi ki ofri sipò jiridik pou lokatè yo dirèkteman epi li bay estrateji pou defann plis pwoteksyon lokatè yo pandan tan sa a. CJP ankouraje patisipasyon lokatè yo ki pi dirèk nan sipò pou kreyasyon ak pwomosyon estrateji sa yo. Pou patisipe, enskri lè w klike sou lyen ki anba a: bit.ly/joinhpd. Pou konnen plis sou Pwoteksyon kont Ekspilsyon nan Florid epi gade si w pwoteje, vizite florida.evictionprotection.org. Pou plis enfòmasyon sou sèvis jiridik yo, vizite legalservicesmiami.org/self-help.

Kontakte Pwojè Jistis Kominotè :

Imèl: alana@communityjusticeproject.com

ACTIVATING MIAMI

COMMUNITIES DURING COVID-19

Sitwèb: communityjusticeproject.com

Twitter: @cjpgmiami | Instagram: @cjpgmiami

Sitwèb: communityjusticeproject.com/covid19

Patenarya pou Sante Irben (UHP)

Aktive Overtown:

UHP ak Lyezon Kominotè Overtown yo mete ansanm yon gid resous pandan COVID-19 la nan fason pou konekte rezidan Overtown yo ak resous pou yo jwenn aksè nan manje, tès COVID-19, transpò, pak ak espas piblik, asistans finansye, sante, sèvis jiridik, ak chomaj. Jwenn aksè nan gid resous la ak plis enfòmasyon kijan pou Aktive Overtown isit la:

<https://urbanhp.org/activate-overtown>

Anplis de sa, UHP ap kontinye plede pou solisyon k ap amelyore kapasite pou rezidan yo mache ak monte bisiklèt nan Overtown san danje pandan y ap obsève mezi distans fizik yo. Youn nan egzanp pledwaye sa yo gen ladan l plede pou ekspansyon twotwa yo pou kreye plis espas pou pwomnad ak monte bisiklèt.

Si w ta renmen patisipe epi sipòte pledwaye sa a, tanpri kontakte:

Imèl: Jesse@urbanhp.org

Telefòn: (786) 224-2309

Sitwèb: urbanhp.org

Urban Health Partnerships (UHP), YMCA, Healthy Little Havana (HLH), Overtown Youth Center (OYC)

Resansman:

Ranpli resansman sa esansyèl pou asire ke kominote w la jwenn finansman pou:

- Ekspansyon lekòl ak etablisman
- Sèvis Sosyal - WIC, Seksyon 8 Bon, elatriye.
- Planifikasyon devlopman byen imobilye - ki gen ladan l lojman piblik
- Sekirite ak ekspansyon preparasyon pou ijans
- Aksè nan Swen Sante
- Chèz chanm Reprezantan yo

Tanpri note ke resansman an pap janm mande kondisyon sitwayènte w epi ou ta dwe reponn kèlkeswa kondisyon sitwayènte w. Nenpòt ajans ki fè respekte lalwa pap ka itilize repons ou yo kont ou. Konplete resansman an obligatwa, tanpri ranpli sondaj sou entènèt la pou evite yon reprezantan Resansman an frape nan pòt ou. Pou konplete Resansman an, tanpri klike isit la:

<https://my2020census.gov/>.

Si w bezwen asistans pou w konplete Resansman an, tanpri kontakte Jesse Cosme, nan

Jesse@urbanhp.org, (786) 224-2309.

ACTIVATING MIAMI COMMUNITIES DURING COVID-19

Sipò Jiridik

Pou sipò jiridik tanpri kontakte Nerlande Joseph, Avoka Sèvis Jiridik Greater Miami, Dwa Lokatè yo, njoseph@legalservicesmiami.org, 305-576-0080

YMCA

Èd nan Pèman Fakti

Si w bezwen èd pou w peye nenpòt fakti, tanpri rele nimewo sipò sa yo pou wè kijan YMCA ka ede w dirèkteman.

Telefòn: Pou Anglè, 754-312-4150, pou Espanyòl, 954-826-2444, pou Kreyòl, 954-826-8122

Imèl: esolano@ymcasouthflorida.org

Overtown Youth Center (OYC)

Pwogram Re-anbochaj:

Pwogram sa a sitou konsantre sou travay pèmanan a plen tan men tou gen opsyon a tan pasyèl tou. Si w bezwen èd pou jwenn travay, ki gen ladan l amelyore cv ak konpetans pou entèvyou, sipò transpò, elatriye. Tanpri kontakte OYC nan nimewo ak imèl ki anba a:

Telefòn: 305-349-1204

Imèl: daisha.andrews@overtownyouth.org

Healthy Little Havana (HLH)

Konekte Kominote a nan Resous yo:

HLH te patisipe nan konekte moun a resous yo pandan COVID-19, nan fè livrezon manje bay rezidan yo nan Little Havana ki pa gen yon machin. Yo kontinye travay alantou detèminan sosyal nan sante yo ki konsantre sou lojman, espas piblik, edikasyon, ak travay. Si w ta renmen plis enfòmasyon, kontak yo anba a.

Rete Konekte avèk HLH:

Telefòn: (786) 391-4061 Imèl: info@healthylittlehavana.org Adrès: 515 Southwest 12th Avenue, Suite 525, Miami, FL, 33130 Sitwèb: healthylittlehavana.org

Facebook: Live Healthy Little Havana | Instagram: [@healthylittlehavana](https://www.instagram.com/healthylittlehavana) | Twitter:

[@LiveHealthLH](https://twitter.com/LiveHealthLH)

Pou plis enfòmasyon sou nenpòt sa ki nan gid sa oswa sou evènman yo, tanpri kontakte chak òganizasyon dirèkteman oswa kontakte Jesse Cosme pa imèl nan Jesse@urbanhp.org oswa pa telefòn nan (786) 224-2309.